## PEDAGOGIKA ILIMLERI

### Pedagogika teoriyası hám tariyxı

# MEKTEPLERDE TÁLIM SISTEMASÍN RAWAJLANDÍRÍW PROGRAMMASÍNÍŃ ANALIZI

**R.A.Abdullaeva** – *oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** ta'lim, innovatsiya, tuzilma, tashkilot, maktab, rivojlanish.
**Ключевые слова**: образование, инновация, структура, организация, школа, развитие.
**Key words:** education, innovation, structure, organization, school, development.

Tálimniń jańa sapası – házirgi zaman mektebin reformalawdıń baslı maqseti. Oqıtıw hám tárbiyalawdıń mazmunı, forma hám metodların jetilistiriw yaki pútkilley qayta qurıw, tálim procesiniń rawajlanıwın innovaciyalıq rejimindegi artıp barıwshı tradiciyalar yaki ótiwlerge sáykes shólkemlestiriw – bulardıń bári, eger biz nátiyjede ózgerip turatuǵın álemde jasawshı shaxstı ala alsaq ǵana maǵanaǵa iye boladı. Jańa mektep eń dáslep shaxstı rawajlandırıwǵa qaratıladı, bunda jańa áwladtı qáliplestiriwdegi ǵalabalıq kózqaras – ótmishtiń jaqın waqıtta bas tartıw bolıp tabıladı.

Qalalıq tálim sistemasınıń birden-bir tálim hám informaciyalıq keńislikke iye bir pútin sistemasın qáliplestiriw sózsiz tendeciya boladı. Sonısı sózsiz, qalanıń tálim sisteması - oqıtıw hám tárbiyalawdı shólkemlestiriw óz mańızı hám maqsetlerine kóre innovaciyalıq: hám mazmunı, hám formaları hám metodları boyınsha bólinedi.

Sońǵı jıllarda mektepke shekemgi tálim ayırıqsha awır jaǵdayda qaldı. Byudjetten qarjılandırıwdaǵı qıyınshılıq, kóplegen kárxanalardıń óz baqshalarına iye bolıwdan bas tartıwı kóplegen mektepke shekemgi mekemelerdiń jabılıwına, olardıń basqa shólkemlerge beriliwine, qayta qánigelesiwine hám basqa aqıbetlerge alıp keldi. Bunday jaǵdayda mektepke shekemgi mekemelerdiń tarmaǵın saqlap qalıw eń baslısı boldı hám buǵan erisildi.

Bulardan basqa, mektepke shekemgi mekemelerdiń bir túrlilikten iyilgish, kóp funkciyalı sistemaǵa balalar hám ata-analardıń qızıǵıwı hám shańaraqtıń mútájligin esapqa alǵan halda ótiwi baqlandı. Tálim mekemeleriniń jańa tipi («Prezident mektebi») payda boldı, jańa informaciyalıq texnologiyalardı islep shıǵıw ushın eksperimental maydanshalar ( IT park) ashıldı.

Turmıstıń házirgi sharayatlarında erkin dóretiwshi, quramalı social ádep-ikramlılıq máselelerdi civilizaciyalanǵan jámiyetke ótiw sharayatlarında sheshiw uqıbına iye shaxslardı tárbiyalaw mashqalasın kún tártibine qoyıldı. Hár tárepleme rawajlanǵan shaxstı tárbiyalawdıń tiykarı mektepke shekemgi balalıqtı hám baslanǵısh mektepte qoyıladı degen ózgertip bolmas fakt basshılıqqa alınıwı kerek. Mámlekettiń mektepke shekemgi hám baslawısh tálim mektebin usınday etip shólkemlestiriw ideyasına keldi, al, ol onıń maksimal dárejede nátiyjeliligin támiyinleydi.

Eksperimenttiń pedagogikalıq ideyası jańa tiptegi oqıw ornın – balalar baqshası – shańaraq modelindegi mektepti jaratıwdan ibarat boldı. Bunıń tiykarında Ya.A. Komenskiy [3:54], M.Montessori [8:74], L.B.Zankov [4:8] hám basqalar balaǵa shaxs sıpatında qaraw, onıń erkinligin húrmet etiw, balalıqtı turmıstıń baslanıwı, al, oǵan tayarlaw emes degen óz-ara qadiriyatın tán alıw degen kóz qarasları jatadı sıyaqlı pikir bildirgen.

Oqıtıw hám tárbiyalawdıń eń utımlı sharayatların, bala shaxsınıń rawajlanıwınıń sezilerli qolaylı psixologiyalıq sharayatların jaratıw ushın «Qánigelestirilgen mektepler» dúzildi.

Olar tómendegilerdi támiyinleydi:

1) Balalardı klasqa tańlap alıw

a) fizikalıq rawajlanıwınıń shetlewisiz;

b) aqılıy uqıplarınıń erte rawajlanıw belgilerin kórsete alǵan;

2) Pedagoglardı, qánigelerdi, administratorlardı tómendegishe tańlap alıw:

a) tálimniń zamanagóy ideologiyasın, sol tálim mekemesindegi anıq koncepciyanı qabıl etedi;

b) «Qánigelestirilgen klaslar» koncepciyasın túsiniwge ámeliyatta ámelge asırıwǵa uqıplı, oqıtıwǵa (yaki usıǵan úyretiwge uqıplı) qábileti bar;

v) óz tájiriybesine sın kózi menen qarawǵa, jeke professional sheshimleri hám qademlerin korrekciyalawǵa uqıplı;

g) jeke metodikanı islep shıǵıwǵa uqıplı.

3) Toparda dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwdı támiyinleytuǵın sharayattı jaratıw.

Oqıtıw programmasınıń maqseti: aqılıy iskerlik bilimlerin, uqıp, kónlikpelerin kem-kemnen qáliplestiriw, oqıtıw procesin algoritmlestiriw, tálim alıw mútájligin tárbiyalaw.

**Tárbiyalaw maqseti.** shaxs erkinligin rawajlandırıw, hár qıylı jas jámáátinde turmıstıń, ádep-ikramlıq sociallıq tańlawdıń kónlikpelerin qáliplestiriw, jeke sociallıq tájiriybeni rawajlandırıw, balanı keleshekte bilim alıwǵa tayarlaw.

Jańalıqlar ulıwma bilim beriwdiń mazmunınıń ózine kirip bardı. Dıqqat orayında – eń dáslep balanıń intellektual, emocional, ádep-ikramlıq hám fizikalıq rawajlanıwı hám onı mektepte oqıwǵa tayarlaw.

Ulıwma bilim beriw mektebi – bul da artıqmashılıǵına qaraǵanda innovaciyalıq mektep. Sózsiz, dárhal-aq, ózlerin oqıtıwdıń joqarı sapasına iye bolıwı menen kórsete alǵan alternativ oqıw mekemleri: mektepler, gimnaziyalar, liceyler hám basqa oqıw orınları eske keledi.

Mısalı, gimnaziyalardıń klassikalıq tálimniń maqseti fundamental gumanitar, tábiyıy-ilimiy predmetlerge hám pánlerdi koncentraciyalanǵan (tereńlestirilgen) úyreniwge ústin múnásibetlerge tiykarlanǵan mádeniyatlı, zıyalı insanlardı tárbiyalaw bolıp tabıladı.

Gimnaziya wazıypaları:

- hár bir oqıwshınıń qábiletlerin anıqlaw hám rawajlandırıw;
- ruwxıy bay, erkin, fizikalıq salamat, dóretiwshilik pikirleytuǵın, orta mektep kursı hám profil predmetler boyınsha bekkem, tereń bilimlerge iye shaxstı qáliplestiriw;
- joqarı ádep-ikramlıq qádiriyatlarǵa baǵdarlanǵan, milliy hám jáhán mádeniyatı sistemasına integraciyalanǵan, sońǵılıqta jámiyettiń ruwxıy rawajlanıwında qatnasıwǵa uqıplı shaxstı qáliplestiriw;
- pikirles muǵallimlerdiń dóretiwshilik penen isleytuǵın jámáátin qáliplestiriw;
- oqıw-tárbiya jumısların eń utımlı jol menen shólkemlestiriw;
- gimnaziyanı basqarıw sistemasın jetilistiriw;
- gimnaziyanı rawajlanıw rejimine ótkeriw.

Ǵalabalıq mektep – tálim sistemasınıń tiykarı, ózegi – búgingi kún talabına juwap beredi. Barlıq balalardı rawajlandırıwǵa kewil bóliw, orta bilimdi hár bir balanıń mútájligine muwapıq alıw imkaniyatı – ǵalabalıq mektep iskerliginiń maqseti mine usı. Sonısı da áhmiyetli, tálim sisteması regiondı isshi kadrlar menen támiyinlew ushın islewdi baslaydı.

Mektep bazasında oqıtıw bir qatar qıyınshılıqlarǵa dus keldi. Bul hámmesinen aldın sabaqlardı IKT materialları, quralları, oqıw kórgizbe quralları hám basqalar menen támiyinlewdiń jetispewshiligi.

Balalar hám óspirimlerdi tárbiyalaw sistemasında ózgerisler bolıp ótti. Tárbiya programması shańaraqtıń ústinliginen kelip shıǵıp belgilenedi.

Shańaraq shaqırıqlarına qosımsha tálim xızmetleri hám tálim mektepleri juwap beredi, bunda sabaqtan tıs jumıs aktiv tárizde alıp barıladı, biraq, buǵan kóbirek dárejede qosımsha tálim juwap beredi.

Iskerliktegi ústin princip shaxsiy-jónelisli pedagogikaǵa tiykarlanǵan differenciyallasqan qatnasta bolıw tabıladı. Ótkerilgen «Tálimdegi ekonomikalıq hám huqıqıy máseleler», «Analitikalıq iskerlik innovaciyalıq procesler», «Tálim procesindegi psixologiyalıq aspektleri», «Bala shaxsı huqıqlarınıń social kepilleri», mashqalalı seminarlar, professional sheberlik, «Jıl direktorı», «Jıl direktor orınbasarı» tańlawları, «Individual tańlaw mektebi», «Ziyrek balalar» jańa programmalar hám texnologiyaların islep shıǵıw hám engiziw, «Kompyuter menen dialog» másláhát punktin shólkemlestiriw tálim mekemeleriniń rawajlanıw programmasın qáliplestiriw hám ámelge asırıw ushın sharayatlar jaratıwǵa xızmet etedi.

Tálim sistemasın rawajlandırıw programmasın ámelge asırıw barısında toplanǵan eksperiment tájiriybesi hám innovaciyalar oqıtıw, tárbiya hám oqıwshılar rawajlanıwın optimizaciyalawdıń ilimiy-pedagogikalıq jantasıw sáwlelendiredi, pedagogikalıq analizdiń, prognozdıń, diagnozlawdıń hám ekspertizanıń ádewir joqarı dárejesin sáwlelendiredi, al ol ekspermental jumıstıń maǵanası hám nátiyjeliligin durıs bahalaw, ulıwma tálimniń qalada jáne de rawajlanıwın boljaw imkanın beredi.

Mekteptiń rawajlanıwı (usı sózdiń keń maǵanasında) búgingi kúnde eksperimentti tálimniń hár qıylı tarmaqlarına aktiv engiziw menen xarakterlenedi. Eksperimentke múrájáát etiw, itimal, tálim sharayatların ózgermeli sociallıq mútájliklerge say ob’ektiv tasır ótkeriwdiń sáwleleniwi esaplanadı.

**Tálimdegi eksperiment** – bul, basqa tárepten, oqıwshılardı oqıtıw, tárbiyalaw hám rawajlanıwın, hár tárepleme jetilisken tárbiya sistemasın qáliplestiriwge ilimiy-pedagogikalıq jantasıwǵa urınıw. Tálim mekemeleri basshıları ushın eksperiment tájiriybesi – hádiyselerdiń eksperimental jumısı barısında júzege keletuǵın pedagogikalıq analizdiń hám prognoz, diagnostika hám ekspertizalardıń basqa dárejesine ósip ótiw de boladı.

Eksperimenttiń tiykarǵı jónelisleri álle qashan pisip jetilisken jeke jónelisli tálimdegi mekteptiń oqıwshını tálim procesiniń orayı hám baslı maqseti etip qoyıw talabın sáwlelendiredi.

Qala mektepleriniń eksperimental, innovaciyalıq jumıslardıń tiykarǵı jónelisleri sıpatında differenciallasqan oqıtıw hám oqıwshılar rawajlanıwınıń hár qıylı túrlerin ajıratıp kórsetiw múmkin. Usı wazıypanı ámelge asırıwda ádewir xarakterli hám keńnen qollanılatuǵın usıl – oqıwshılardı olardıń ózlestirgenlik dárejesi boyınsha differenciyalaw. Hár qıylı dáreje klasları, korrekciya klasları (ped. qollap-quwatlaw, teńlestiriw, pedagogkalıq reablitaciya), ziyrek balalar klasları, baqsha-mektepler mine usılayınsha payda boldı hám ǵalabalıq xarakterge iye boldı; gimnaziyalar hám liceyler keńnen tarqaldı.

Usınday klaslardı jaratıw jolında «kúshli», «ortasha», «hálsiz» oqıwshılar degen ne ekenligin ańlap alıw áhmiyetli boladı. Pedagog-professional ushın bul túsinikler jetkilikli texnologiya emes. A, V, S potoklarında anıǵıraq differenciyallasqan bolar edi, eger birinshiden, oqıw materialınıń quramalılıq dárejesi diagnoz islengen bolsa, ekinshiden, onı ózlestiriwdiń individuallıq tempi belgilenedi. Bunda anıqlanǵan nátiyjeler qáliplesetuǵın hár qıylı dárejedegi klaslardıń sapalıq quramın professional hám sawatlı anıqlaw imkanın beredi. Bunday diagnostika hár qıylı dárejedegi oqıtıw ideyasın mektep ámeliyatına engiziw texnologiyasınıń teń huqıqlı bólimi bolıwı múmkin.

Oqıtıwdı differenciyalaw jollarınıń arasında oqıwshılardı hár qıylı klaslar hám mektepler arqalı arnawlı hám aldınnan kásipke baǵdarlawdı ajıratıp kórsetiw múmkin. Zárúrli pedagogikalıq sharayatlardı saqlaǵan halda (erte qánigelesiwge jol qoyıp bolmaslıǵı, oqıwshılardıń tańlaǵan jónelisinde rawajlanıwınıń ilimiy-metodikalıq bazasın jaratıw, «funkciyalar»dı emes, al ulıwma mádeniyattı qáliplestiriwdi belgilew, oqıw procesin kadrlıq támiyinlew hám basqa), bul jónelis, tájiriybeniń kórsetkenindey, oqıwshılardı oqıtıw hám rawajlanıwında unamlı nátiyjeler berdi.

Innovaciyalıq proceslerge tartılǵan mekteplerdiń sheńberi qansha keń bolıwına qaramastan, olar bári bir tálim mekemeleri «karta»sında «atawlar» bolıp qalıp otır. Sistema ǵalabalıq mektepke «ósip ótedi» dep aytıw múmkin. Sonı da aytıp ótiw kerek, búgingi kúnde pedjámáátlerdiń óz mektebine kórsetiwge urınıwdı sáwlelendiretuǵın tendenciyalar, onıń ingdividual obrazın tabıw hám rawajlandırıw ayqın ajıralıp shıǵıp atır. Áyne usı bólimde mekteptiń ulıwma gumanitar jónelisin kúsheytiw sistemasın háreketke keltiriw múmkin boladı. Bul model ashıq pedagogikalıq platforma sıpatında muǵallimge metodikalıq tańlaw erkinligin bergen halda, al oqıwshılarǵa bolsa rawajlanıwınıń jeke jolın ámelge asırıw ushın sharayattan ibarat boladı.

## Ádebiyatlar


1. Mirziyoyev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz. –T.: “O’zbekiston”, 2017.
2. Алексеева Л.Н. Инновационные технологии как ресурс эксперимента. Учитель. 2004. № 3. –С. 28.
3. Забрашная С.Д. От диагностики к развитию: Пособие для психолого-педагогического изучения детей в дошкольных учреждениях и в начальных классах школ. – М.: Институт общегуманитарных исследований. 2004. -С.54.
4. Загвязинский В.И. Инновационные процессы в образовании и педагогическая наука. Инновационные процессы в образовании: Сборник научных трудов. – Тюмень: 1990. – С. 8.
5. Калинина Р.Р. Психолого-педагогическая диагностика в детском саду. СПб.: «Речь», 2003.
6. Каменский А.К. Нормативно-правовая база общественно-государственного управления школой. Директор школı. 2006. № 3. –С.93.
7. Кочетова А.Н. Коллективное педагогическое творчество – приоритет внутришкольного управления, основа развития школы. Народное образование. 2004. № 2. –С.72.
8. Назимов С.С. Педагогические инновации в национально-региональном компоненте содержания образования. Учитель. 2005. № 6. -С. 74.



**REZYUME.** Ushbu maqolada ta’lim muassasalarining turlari, zamonaviy innovatsion ta’lim tuzilmasi, ta’limdagi innovatsion jarayonlarning o‘ziga xos xususiyatlari, zamonaviy ta’limda innovatsiyaga hissa qo‘shuvchi omil sifatida to‘ldiriladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье дополнены типы образовательных учреждений, структура современного инновационного образования, специфика инновационных процессов в образовании, как фактор, способствующий инновациям в современном образовании.

**SUMMARY.** This article supplements the types of educational institutions, the structure of modern innovative education, the specifics of innovative processes in education, as a factor contributing to innovation in modern education.